



# WESTBURY PUBLIC SCHOOLS

## BUILDING A FUTURE-READY DISTRICT

### 2018 REFERANDÒM BOND LA

#### KESYON E REPONS

##### KISA PLAN BOND PWOPOZE A ENKLI?

Plan Bond ki pwopoze a gen ladan pwojè pou Lekòl Mwayen Westbury e Lekòl Segondè Westbury. Yo pwopoze katòz salklas modilè e pwojè enfrastrikti vital ki gen rapò avèk sante bilding la e sekirite pou Lekòl Mwayen Westbury. Yo pwopoze douz salklas modilè e pwojè enfrastrikti pou sante bilding la e sekirite enfrastrikti pou Lekòl Segonde Westbury.

##### KONBYEN LAJAN REFERANDÒM BOND PWOPOZE AP KOUTE?

Referandom bond pwopoze a ap koute \$58,585,000, l ap finanse sou yon peryòd 17 ane. Avèk enterè estime nan twa pousan, prensipal total e peman enterè sou 17 ane yo ap koute \$80,109,683. Èd bilding Eta New York ap peye yon total \$ 55,790,836 nan prensipal e depans enterè yo. Pati Distri a - \$ 24,318.847 sou 17 ane - yo pral peye pou alokasyon yo nan bidjè fonksyonman anyèl Distri a, efektivman fè Plan Bond la netralite taks pou pwopriyetè kay Westbury yo.

##### KISA ÈD LETA DISTRI A YE? ÈSKE TOUT PWOJÈ YO PWOPOZE YO KALIFYE POU ÈD LETA?

Aktyèl pousantaj èd bilding Eta New York Distri a se 82.4 pousan. Achitèk Distri a estime ke 90 pousan nan tout pwojè ki enkli nan Plan Bond la ap kalifye pou èd leta.

##### KI JAN YON REFERANDÒM BOND KI KOUTE \$58,585,000 KA NET TAKS POU KONTRIBYAB WESTBURY YO?

Pousantaj èd leta Distri a pou pwojè ki kalifye yo wo anpil nan 82.4 pousan. Distri a anticipe 90 pousan nan tout pwojè yo pwopoze yo pral kalifye pou finansman prensipal e enterè avèk èd leta. Balans prensipal e enterè, ki dwe peye pa Distri a, yo pral kouvri lè nou modifiye depans sa yo kounye a:

- Kontra lwaye ak transpò otobis pou Akademi Klas Nevyèm Ane nan Nassau Community College. Depans sa yo, nan bidjè aktyèl Distri a, ap ede finanse pòsyon Distri a nan prensipal e peman enterè pou bond la.
- Sèvis dèt aktyèl Distri ki pwograme pou fini nan 2020 ap deplase pou finanse nouvo sèvis dèt si yo apwouve kosyon an (bond la) sou 15 me.

Lè nou deplase depans aktyèlman nan bidjè fonksyonman anyèl Distri a, apwobasyon referandòm Bond la sou 15 me pa pral ajoute nan depans Distri a. Kòm yon rezilta, apwobasyon sou 15 me pa pral ajoute sou taks rezidan pou lekòl yo, dirèkteman gen rapò ak finansman Plan Bond la.

##### POUKISA YO TE PRAN DESIZYON AN POU PRAN YON REFERANDÒM BOND KOUNYE A?

Popilasyon (twòp moun) an nan Lekòl Mwayen Westbury e Lekòl Segondè Westbury se nan yon nivo kritik. Tou de lekòl yo siyifikativman pi wo ke direktiv kapasite bilding yo etabli pa Depatman Edikasyon Eta New York (SED). Distri a tanporèman soulaje kèk nan pwoblèm ki konsène ak twòp moun nan lekòl segondè a lè li resevwa yon espas lwe nan Nassau Community College pou Akademi Klas Nevyèm Ane. Sepandan, SED te fè li klè ke yo pral pèmèt Distri a sèvi ak espas nan Nassau Community College sou yon baz tanporè; yon plan ki dire lontan dwe devlope epi mete an plas. Direktiv sa a soti nan SED, li te fè li obligatwa pou Distri a resevwa opinyon kominote a sou solisyon posib, devlope yon plan, epi fè vòt kominote a sou plan pwopoze a e depans ki asosye avèk plan an. Olye ke nou mande rezidan yo pou soti pou de vòt separe, Komisyon Edikasyon an ap gen vote Referandòm Bond nan menm jou a kòm kominote a pral vote sou bidjè anyèl 2018-2019 e eleksyon Komisyon Konsèy la. Planifye vòt la pou 15 me tou asire ke si yo apwouve plan an, elèv yo kapab antre nan nouvo salklas modilè yo pou kòmansman ane 2020-2021 ane lekòl la.



# WESTBURY PUBLIC SCHOOLS

## BUILDING A FUTURE-READY DISTRICT

### **KI JAN 2018 KOSYON AN (BOND LA) PRAL ENKLI PLAN EDIKATIF E FINANSYE DISTRI A KI PRAL DIRE LONTAN?**

Valè edikasyon yo ki gide pwosesis la nan planifikasyon pou Referandòm Bond ki pwopoze a 2018 yo se menm bagay la ki fòme fondasyon vizyon edikasyon Distri a epi ki konsistan avèk inisyativ Distri a pou bati yon distri ki pare pou lavni. Pwopòsyon kosyon (Bond la) yo pwopoze a ofri yon chemen pou kreye espas edikatif e resous nan tou de Lekòl Mwayen Westbury e Lekòl Segondè Westbury ki nesese pou ede elèv nou yo byen prepare pou kolèj e pi lwen. Kantite kosyon an tou adrese pwoblèm sante, e sekirite nan tou de lekòl mwayen an e lekòl segondè an ki enpak edikasyon e eksperyans bilding lan an jeneral pou elèv yo, fakilte, anplwaye yo, paran yo, e manm kominote a.

Yon gwo sipozisyon fiskal nan planifikasyon kosyon an (bond la) se siksè nan netralite taks. Si Referandòm Bond la apwouve pa kominote a sou 15 me, Distri a ap repouse depans distri ki gen kounye a pou kontra-lwaye Akademi Klas Nevyèm Ane an e transpò elèv klas nevyèm ane a le yo retounen nan lekòl segondè nan ane lekòl 2020-2021, e lajan kounye a ki peye sèvis dèt Distri a ki pral fini nan menm tan an kòm nouvo sèvis dèt la nan 2020-2021 ane lekòl la. Ansanm, sa ap kouvri depans nouvo sèvis dèt la, sa ki lakòz okenn chanjman nan taks rezidan dirèkteman ki gen rapò ak finansman Plan an Bond.

### **ÈSKE NENPÒT NAN PWOJÈ PWOPOZE NAN BOND LA AP ENTÈFERE AK KLAS NAN LEKÒL MWAYEN AN OUBYEN LEKÒL SEGONDÈ LA?**

Pa gen okenn tan klas ki pral koupe oubyen anile paske konstriksyon oubyen lòt travay ki pral fèt. Ekip Konstriksyon e orè travayè yo pral konsantre pandan mwa ete yo e lòt lè lekòl la pa nan sesyon. Si yo ta dwe fè nenpòt travay enteryè pandan ane lekòl la, orè travay yo pral pwograme pandan wikenn, aswè, e lòt lè espas enteryè bilding yo pa itilize.

### **POU NENPÒT KONSTRIKSYON KI PRAL FÈT PANDAN ANE LEKÒL LA, KI MEZI SEKIRITE YO PRAL METE AN PLAS POU KENBE TIMOUN YO, ANPLWAYE BILDING YO E VIZITÈ LEKÒL YO SAN DANJE?**

Depatman Edikasyon Eta New York (SED) dwe swiv direktiv lè y ap fè travay nan nenpòt etablisman lekòl. Tout pwojè konstriksyon kapital mande pou yon pèmi konstriksyon ki soti nan SED. Enpòtans yon pèmi konstriksyon se pou asire ke travay

la ap fèt byen pou prezève sante e sekirite lokatè oswa itilizatè nan yon etablisman. SED tou egzije separasyon pèmanan ant tout zòn travay yo ak elèv yo. Anplis de sa, Distri a te rezève sèvis yon manadjè konstriksyon ki pral sou sit pandan tout etap nan konstriksyon.

### **KI JAN YO PRAL FÈ TOUT TRAVAY SA A SI REFERANDÒM BOND REVIZE A PA APWOUVE?**

Referandòm bond la konsantre sou:

- Bay espas ki nesese nan salklas yo pou akomode pwoblèm popilasyon ki grav nan Lekòl Mwayen Westbury e nan Lekòl Segondè Westbury.
- Enfrastrikti e ADA konfòmite travay ki nesese pou konfwonte pwoblèm avèk sante bilding yo e sekirite nan tou de Lekòl Mwayen Westbury e nan Lekòl Segondè Westbury.

Si kominote a pa apwouve Plan Bond la, pwoblèm popilasyon an ap kontinye. Depatman Edikasyon Eta New York te di Distri a espas nou lwe nan Nassau Community College pou elèv klas 9yèm ane yo p ap pèmèt itilize sou yon baz pèmanan. Elèv Klas 9yèm ane yo nan distri a ap gen pou retounen nan lekòl segondè a san espas salklas adisyonèl, ki pral fè kondisyon aktyèl yo vin pi mal. Avèk ogmantasyon nan enskripsyon nan lekòl segondè pandan ane k ap vini yo, ta gen anpil opsyon ouvè pou distri a pase pou ogmante gwose klas yo, elimine kou ochwa e lòt kou ki pa nesese pou diplome, oubyen konsidere ale nan yon diferan kalite orè. Opsyon sa yo ki pa akseptab, pral menm bagay pou lekòl mwayen an.

Anplis de sa, travay enfrastrikti nan lekòl mwayen an e lekòl segondè a ap toujou bezwen fè. Sèl lòt fason pou peye pou pwojè sa yo se pou mete yo nan bidjè fonksyonman anyèl Distri a. Pou reyalize pwojè sa yo, enpak taks la ta mete yon souch ki pa akseptab sou kontribiyab nan kominote nou an. Li ka pran jiska 10 ane oubyen plis pou akonpli. Sa a ta fè li nesese pou ogmante nivo nan antretyen pou kondisyon k ap vin pi mal ki ta dwe rete tann byen lwen nan lavni an. Li ta tou mande pou diminye nan lajan pou pwogram ki deja egziste e sèvis yo, ki enkli sèvis edikasyon espesyal ki pa obligatwa, sèvis ki pa obligatwa pou lekòl prive, mizik e pwogram atizay, kou elektif, atletik, e pwogram/klib anvan lekòl e apre lekòl.

### **AVÈK APWOBASYON KOMINOTE A NAN REFERANDÒM BOND LA, TOUT PWOJÈ YO PWOPOZE YO PRAL FINI NAN 2022.**